

# Kijan pou m fè yon Depo sou entènèt sou kont Plan Dirèk Nouyòk 529 (Direct Plan NY 529) ou a

Si ou gen yon kont Plan Dirèk NY 529, ou kapab fè yon depo sou entènèt fasil lè ou konekte sou kont nan [nysaves.org](https://nysaves.org). Men sa ou bezwen konnen avan ou kòmanse:

## Tan Nesèsè: Anviwon 15 minit

### Sa w ap bezwen:

- ➔ Non itilizatè ak modpas [nysaves.org](https://nysaves.org) ou a
- ➔ Telefòn ki asosye ak kont ou a pou otantifikasyon
- ➔ Routing number (nimewo woutin) ak nimewo kont bank ou t ap renmen itilize pou fè depo a.

### Enfòmasyon enpòtan konsènan depo sou entènèt:

- ➔ Depo ki fèt sou "529 Investment Plans" yo rekonèt yo kòm "kontribisyon."
- ➔ Montan minimòm ki egzije pou w bay yon kontribisyon sou entènèt se 1\$.
- ➔ W ap bezwen yon kont kouran oubyen epay pou w kapab bay yon kontribisyon sou entènèt sou kont NY 529 Direct Plan
- ➔ Ou kapab itilize òdonans pèman oswa chèk tou pou bay yon kontribisyon, pou enfòmasyon, konsilte Kijan pou depoze yon chèk oubyen kòmman lajan sou kont NY 529 Direct Plan ou an. (*How to Deposit a Check or Money Order to Your NY 529 Direct Plan Account*)
- ➔ Kont 529 ou an **pa kapab** resevwa lajan apati de kont kouran oswa epay ki relye a san pèmasyon w. Menm si ou ta aktive kontribisyon regilye, w ap toujou gen kontwòl kijan ak kilè yo transfere lajan sou kont 529 ou a.
- ➔ Ou ka chwazi kontribisyon yon sèl fwa oswa yon kontribisyon regilye ki vle di yon depo ki fèt sou kont ou chak mwa otomatikman oswa chak twa mwa, depandaman de sa w chwazi a. Yo rele sa tou Plan Envestisman Otomatik.
- ➔ Si ou chwazi kreye yon Plan Envestisman Otomatik, ou kapab toujou chanje oswa anile depo otomatik ou a lè w ale sou paj ki bay detay sou benefisyè a nan [nysaves.org](https://nysaves.org) epi seleksyone "Manage recurring contributions."
- ➔ Pou w konnen plis, kontakte New York's 529 College Savings Program nan 877-697-2837

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki administre pa NYC Kids RISE Inc., yon ganizasyon charitab, ki an patenarya avèk Depatman Edikasyon (Department of Education) Vil Nouyòk ak Vil Nouyòk la. NYC Kids RISE pa ni afilye, ni yon distribitè otorize Pwogram Ekonomize pou inivèsite 529 Nouyòk (529 College Savings Program) epi li pa mande envestisman oswa bay konsèy envestisman. Vil Nouyòk ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon konsènan, epi yo pa kontwòle, ni posede oswa afilye avèk manadjè pwogram 529 Ekonomize pou Inivèsite Nouyòk e okenn inivèsite patikilye oswa lòt envestisè, ki gen ladan sa yo ke fanmi yo ka aprann atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.